

KOMITE SKOLÈ VIL BOSTON



MEMORANDÒM

POU : Komite Skolè Boston
KOPI : Doktè Brenda Cassellius, Sipèentandan
YON MESAJ : Doktè Hardin L.K. Coleman
SIJÈ A : Objektif Sipèentandan an pou Rannman pou Ane Skolè 2020-2021
DAT LA : 13 janvyè, 2021

Tache ansanm avèk lèt sa a w ap jwenn objektif rannman anyèl ke Doktè Cassellius dakò pou n itilize kòm yon mwayen pou n evalye l nan prentan k ap vini an. Nou fè Sipèentandan an konpliman pou angajman l pran nan pwosesis sa a, pandanke l ape jere enpak pandemi a sou operasyon disitri a ak edikasyon elèv yo.

Epitou nou dwe fè Sipèentandan an konpliman pou pèsistans li nan travay ke sa mande pou n devni yon distri ki vize atenn bon rannman olye de fè pwosesis sèlman. Kòm ou kapab wè, Sipèentandan an detèmine pou yo evalye l selon objektif sila yo ki anrapò avèk rannman elèv yo olye pou yo ta evalye l sou baz enplemantasyon kèk strateji pou atenn objektif sa yo. Sa se yon gwo pa an avan pou distri a, paske l va santre tout konvèsasyon n yo sou fason desizyon yo ap enpakte rannman elèv yo nan tout distri a.

Avan pou n vote pou n asepte objektif sa yo, genyen kèk avètisman ke n bezwen rekonèt. Premye a sèke, akòz pandemi a, nou kapab antisipe yon bese nan rannman elèv yo akòz tan ki te pèdi nan aprantisaj yo. Dezyèm nan sèke, akòz pandemi a, nou ka pa kapab konplete evalyasyon tradisyonèl yo sou aprantisaj elèv yo. Sipèentandan an detèmine pou l eksplòre itilizasyon kèk metrik altènatif. Mwen ak Prezidan an va pale avè l regilyèman konsènan chwa sa yo.

Finalman, nou ajoute yon objektif ki abòde kesyon konsènan kòman fason Sipèentandan an jere pandemi a afekte distri a, menm jan tout lòt distri parèy nou fè sa. Pandan n ap vanse nan pwòchèn faz pwosesis sa a, nou dwe ret sensibilize e ouvè a enpak kriz sa a genyen sou kòman n ap evalye rannman Sipèentandan an.